**Ассаламу гIалайкум!**

# ЦIумадисезул гьаракь

(Голос Цумады)

2024 сональъул 13 сентябрь Рузман №41 (7855) Газета бахъизе байбихьана 1937 сональъул 1 декабралда Багьа 8 гъуруш 12 +

ЦIУМАДА РАЙОНАЛЪУЛ ГАЗЕТА - ЦУМАДИНСКАЯ РАЙОННАЯ ГАЗЕТА

## Рохелгун аваданлъи ва пашманлъи жубараб байрам




**7 сентябралда цIумадисез рохалилаб ахIвал-хIалалда кIодо гьабуна район гIуцIаралдаса 95 сон ва августалъулал лъугьа-бахъиназ 25 сон тIубаялъул байрам.**






Цересел къоял кьерхарал, цIадалал рукIаниги, 7 сентябралъул къо букIана роцIараб, унго-унгоги байрамалъе рекъараб.

Гьеб къоялъ кIудияб чIаголъи букIана районалда, кIодо гьабулеб букIана район гIуцIаралдаса 95 сон ва августалъулал лъугьа-бахъиназ 25 сон тIубаялъул байрам.

Радал сагIат анцIгоялда тадбиралъе байбихьи лъуна районалъул администрациялъул минаялда цебе ва КIочIали блок-посталда августалъул лъугьа-бахъиназда къурбанлъарал гIолохъабазе рарал памятниказда цере тIугьдузул горал лъеялдаса.

Гьенир гIахьаллъаразда гьоркьор рукIана КIочIали блок-посталда къурбанлъаразул лъудби Шагьризат Берцинаева вас Саид Берцинаевгун, Пайканат ХIадисмухIамадова, Гьигьалъ маг1арда къадаралде щварав Закир СултIановасул вац Загир СултIанов, гъол лъугьа-бахъиназда Гьигьалъ букIараб МВДялъул ОМОНалъул командир, Россиялъул БахIарчи Загьид Загьидов, ополченцал, хасаб рагъулаб оперциялъул гIахьалчагIи ва чачаналдаса гьалбал.

Гьениб районалъул бетIер Шамил ГIумаровас къокъго бицана 1999 сонალъул 2-3 августалда районалде жанире лъугьине хъачагъаз кинан жигар бахъаниги, аскариязда сверухъ цолъарал цIумадисез тушман нахъе кьабиялъул.

# Рохелгун аваданлъи ва пашманлъи жубараб байрам

1



КIудияб чIухIигун ва рекIелъ пашманлъигун ракIалде щвезаруна ВатIан цIунулаго гьенир къурбанлъарал гIолохъаби, ва гьезие рарал памятникабазда цере лъуна тIогьол горал.

-Жакъа нилъеца бетIер къулула гIагараб ракь цIунулаго бахIарчиго хваразул гьунаразе, даимаб рецц гьезие!-ян абуна Шамил Г1умаровас.

Пашманаб тадбир лъугIун хадуб байрам кIодо гьабизе киналго рахана Хуштада рохьоб бугеб «МугIрузул тIогьал» абураб хIухьбахъиялъул базаялде. Гьениб бугеб тIабигIаталъул берцинлъиялъги, бацIцIадаб гьаваялъги, цIумадисез гьалбадерил гьабулеб хIурматалъги хIайран гьарулел рукIана шагьараздаса ва районаздаса рачIарал гьалбал.

Байрам кIодо гьабизе районалде рачIун рукIана Дагъистан Республикаялъул промышленносталъул ва дармил министр Низам Халилов, Дагъистаналъул Халкъияб Собраниялъул депутат ГIабдурахIман Камилов, «Дагмелиоводхоз» Управлениялъул нухмалъулев МухIамад Юсупов, Россиялъул СагIудиязул ГIарабиялда вукIарав генералияв консул Багьавудин ГIалиев, Болъихъ районалъул бетIер Руслан ХIамзатов, Гъизилюрт районалъул бетIер Рустам Татарханов, Хьаргаби районалъул бетIер МухIамадгIали ТIагьиров, ЦIунтIа районалъул бетIер АхIмад ХIамзатов, Хунзахъ, ГIахьвахъ ва цогидалги муниципалитетазул ва республикаялъул ведомствабазул нухмалъулел,ополченцал ва хасаб рагъулаб операциялъул гIахьалчагIи.

Байрам баркун кIалъазе вахъарав районалъул бетIер Шамил ГIумаровас бицана районалъул тарихалъул ва социалияб рахъ цебетIеялъул хIакъалъулъ.

Район гIуцIаралдаса 95 сон ва августалъулал лъугьа-бахъиназ 25 сон тIубай-гьеб ккола кIудияб байрам.

ЦIумада район ккола жиндирго гIадаталгун захIмат бокьулел кьварарал патриотаз гIумру гьабулеб бакI. Гьез гьеб бихьизабуна 25 соналъ цебе августалъулал лъугьа-бахъиназда.

Жакъа цебе тIолеб буго районалъул социалияб рахъ. Гьелъулъ жигараб гIахьаллъи буго районалъул захIматчагIазулги. Халкъалъул рукIа-рахъин лъикIлъизабиялда тIад хIалтIулел руго районалъул нухмалъулелги, сахаватал гIолохъабиги, жамгIиял гIуцIабиги. Социалияб рахъалъ районалда ккарал хисабасиял ккола захIматчагIазул ва бакIалъулаб муниципалитеталъул самоуправлениялъул цадахъаб хIалтIул хIасил.

Нилъ чIухIарал руго нилъер район гугарухъабазул къебелъилъун букIиналдаса ва гьенир гьенир г1олел бахIарчиял патриотаздаса,-ян абуна районалъул бетIер Шамил ГIумаровас.

-Жакъа нилъеца хIурмат гьабула жидерго захIматалдалъун район машгьурлъизе ва гьеб тIегьазе къиматаб бутIа лъолел районцоязул. Сонидаса сониде цIилъулеб ва берцинлъулеб буго район, лъикIлъулеб буго халкъалъул социалияб рахъ. Гьелъулъ, шакълъи гьечIо, кIудияб хIалтIи гьабулеб буго районалъул халкъалъги.

Нилъеда тIадаб буго нилъер умумузул ишал чIезе течIого цере рачине,-ян абуна жиндирго к1алъаялъул ахиралда Дагъистаналъул Халкъияб Собраниялъул депутат ГIабдурахIман Камиловас.

Дагъистан Республикаялъул промышленносталъул ва дармил министр Низам Халиловас цIумадисезда баркана кIиябго юбилей. Жиндирго кIалъаялъулъ гьес бихьизабуна гIелмуялъулги, политикаялъулги, спорталъулги, искусствоялъулги гIагараб ракьги, Дагъистанги машгьур гьабурал гIемерисел цIумадисел кколин цебесеб наслуялъул, мисалалъе босани, Совет Союзалъул БахIарчи Къади Абакаровасул мустахIикъал ирсилаллъун.

Районцоязда байрам баркун кIалъазе рахъана гочинарун гIи-боцIи хьихьулеб ракьалда бугеб лъайкьеялъул территориалияб управлениялъул нухмалъулев МухIамадшапи ЖахIбаров ва Дагъистаналъул халкъияв артист, композитор Каримула ГIабдулаев. Гьединго байрам баркун кIалъазе рахъана Болъихъ районалъул бетIер Руслан ХIамзатов, республикаялъул магIарул мацIалда бахъулеб «Х1акъикъат» газеталъул бетIерай редактор Зульфия ХIажиева, магIарул мацIалъул учительзабазул цолъиялъул нухмалъулей Баху МухIидинова, хасаб рагъулаб операциялъул гIахьалчи лейтенант Окуньков Данил Эдуардович, чачаназул делегациялъул вакил МикагIил





ГIабдурахIманов ва цогидалги.

Августалъулал лъугьа-бахъиназда цIумадисез бихьизабураб бахIарчилъиялъул, аскариязда сверухъ гьезул букIараб гъункиялъул бицун байрам баркун кIалъазе рахъана гъоб заманалда Гьигьалъ букIараб Дагъистаналъул МВДялъул ОМОНалъул командирлъун вукIарав Россиялъул бахIарчи Загьид Загьидов ва гьигьалъдерил ополченцазул командирлъун вукIарав районалъул судья МухIамад МухIамадов.

Байрам баркун телеграммаби ритIун рачIана район ва Дагъистан тун къватIир ругел районцоял Москваялдаса врач-травматолог МухIамад ГIабдулхабировас, МВДялъул ветеран МухIамад

3

# Рохелгун аваданлъи ва пашманлъи жубараб байрам

2



ГІабдуразакъовас, меценат МухІамад МухІамадовас (сахалинский) ва цогидазги.

Тадбиралъе берцинлъи кьуна нилъер, Болъихъ, ЦІунтІа ва ГІахьвахъ районазул художественниял коллективазул церерахъиназ.

Ополчениялъул ва хасаб рагъулаб операциялъул гІахьалчагІи кІодо гьаруна райадминистрациялъул Баркалаялъул



кагътаздалъун ва ракІалде щвеялъе гьаруна гьезие къиматал сайгъаталги. Гьединго ракІалде щвеялъе сайгъатал гьаруна гьалбадериеги.

РакІбацІцІадаб ва гІемерсоназулаб хІалтІухъ районалъул администрациялъул ва республикаялъул ведомствабазул ХІурматалъул грамотабаздалъун ва Баркалаялъул кагътаздалъун кІодо гьаруна районалъул учреждениябазулгун организациябазул хІалтІухъабиги.



Байрамалъе хасаб берцинлъи кьуна росабазул администрациябаз ва учреждениябазгун организациябаз гІуцІарал майданаз. Рохьил расалъиялда рагьарал майданазда гІуцІун рукІана кванил гьарзаял столал, кечІ-макъан ва кьурдаби. Гьенир дандчІвана гьудул-гьалмагъзаби, лъугьана цІи-цІиял лъай-хъваял.

Гьалбадерица ва т1олго гьенир г1ахьаллъараз кІудияб баркала загьир гьабулеб букІана районалъул нухмалъиялъе ва тадбиралъул гІуцІарухъабазе.

Тадбиралъул официалияб бутІа лъугІун хадубги, гІемерисез кватІизегІан халатбахъана хІухьбахъи рохьил расалъиялда.

ТІегьаги ЦІумазул улка, вацлъиялда хутІаги гьалбал хириял цІумадисел!



**ГІубайдула Малачдибиров.**
**Гебек Гебековасул суратал**

**Динияб бокІон**

## Аллагьасе гІоло берцин гьабе дурго гІамал-хасият

Цо-цо гІадамазул хьвада-чІвадиялъул хІисаб гьабулаго, гьезул халкъалдехун бугеб хурхеналъул хал гьабидал, ракІалде кколаан гьезда релъанхъи, рохел загьир гьаби, ялъуни хІалимлъи абурал гІаданлъиялъул хасиятал ратиларо абун. Жодор хъачІаб гІамалалдалъун цогиязулги чІаголъи, рохел хвезабулел.

Амма пикру гьабулев чи гьалгъан хутІула, гьелго чагІи цоги батІияб хІалалда, цо хасал чагІигун рихьараб мехалъ-хасго рес бугел, хъулухъ цІикІкІарал чагІазда аскІор. Гьезул бижизабураб релъи, хІалимлъи, гъол чагІазул щибаб рагІи (битІараб букІа, гьерес букІа) тасдикъ гьабизе гІедегІи… ГІакълу бугев чиясда бичІчІула гьединаб гІамал-хасият букІин цо жиндиего пайдаялъе, мурадалъе гІоло. Гьединал чагІаца борчІизе толеб буго кІудияб шапакъат. Иман бугев чияс ТІадегІанав Аллагьасе лагълъи гьабула жиндир ахлакъалдалъун (лъияб гІамал-хасияталдалъун) ва кинаб къагІидаялъ гьев гІадамаздехун вуссунев, гьезул бечелъиялъе гІоло гурев, хъулухъалъе гІоло гурев амма Аллагьасе жив вокьиялъе гІоло, жив гьаваялъе гІоло вокьулевлъун Аллагьасул махлукъаталъе.

Жинца жиндиего хІукму гьабурав чи-лъикІаб, бецараб гІамал-хасият (нрав) гьеб лагълъи гьаби буго абун, гьединав чияс гІадамазулгун хурхен гьабизе буго бищун лъикІал къагІидабаздалъун (методы) бечедав вукІа, мискинав вукІа, директор, глава вукІа къватІ лъухьулев вукІа. Кинаб пикругун дуца щивав гьезул квер босулеб, дур гьурмада кинаб гьими букІунеб гьезул щивасдехун? Ращадал ругищ дуе гьел дуца гьел кІодо гьариялъулъ? Гьеб дида лъаларо. Ва амма, Аварагасе абуни (с.гІ.в.) гьел кІиялго ращадал рукІана. Гьел кІияздехун гьес бихьизабулеб букІана цогояб сахаватлъи, гьими, кІодогьави. Киса дуда лъалеб? Ватизе бегьула дуца жив чилъун рикІкІунарев, Аллагьасда аскІов лъиявлъун дуца тІадгІан гьавулесдаса.

Аварагас абуна (с.гІ.в.): «ХІакълъунго дие вокьарав ва диде гІагарав, Къиямасеб къоялъ, вукІине вуго нужеда гьоркьоса, жиндир гІамал-хасият лъияв». (ат-Тирмизи)

Цо асхІабасдехун (Аль-Ашаджу ибн ГІабдукъайсу СалихІ) он сказал: «ХІакълъунго дулъ буго кІиго тІокІлъи (качество) жал Аллагьасеги ва гьесул Расуласеги рокьулел».

Щал гьел тІокІлъаби? Сардилъ вахъун как байищ, къад кІал ккевейищ? Гуро. Ибн ГІабдулкъайс вохана ва гьикъана, щал гьел качестваби, я Расулуллагь? Аварагас (с.гІ.в.) абуна: «ХІалимлъи ва сабру» (Муслим). Аварагасда (с.гІ. васаллам) гьикъараб мехалъ, бищун чиясе алжаналде лъугьине кумек букІунел жалазул гьес абуна: Аллагьасдаса хІинкъи (такъва) ва лъикІаб гІамал-хасият (нрав) абун. (ат-Тирмизий, сахІихІ). Гьединго абуна Аварагас (с.гІ. васаллам): «Божулев чиясул цІадирабазда бакІаб жо букІине гьечІо-лъияб гІамал-хасияталдаса». (Абудавуд, сахІихІ).

Балагье умма Салямада (р.гІ.) Абусалям хун хаду, аварагас ячарай. Гьалъ гьикъулеб буго: «Я Расулуллагь, чІужу гІаданалъул кІиго рос вукІана гьаб дунялалда, гьейги хвана, гьелги хвана ва гьел киналго Алжаналда ана. Кисинав росгун йикІине йиго гьей Алжаналда? Щиб гьес жаваб кьураб? ГІемер какал рарав яги гІемер кІалал куравгунищ, яги гьезул бищун лъай бугевгунищ? Гуро. Гьес абуна: «Лъил бугеб бищун лъикІаб гІамал-хасият, гьевгун йикІина». (ат-Тирмизи).

КигІан лъикІал ишал гьарун ругониги гьел рацІула, тІаса инарула, квешаб сурукъаб гІамалалъ. Аллагьас нилъее насиб гьабеги лъикІаб берцинаб гІамал-хасият Аллагьасеги, Аварагасеги нилъ рокьулеб, амин!

**ХІамзат Саидов**, КІочІали росдал имам

## НигІматал гьарзаяб хаслихълъи

**ЦІибил**

ЦІибил кванайдал бидулъ цІикІкІунин баян кьолеб буго тромб ккезе гьукъулеб оксид ва азот гІадаб гІуцІи. РекІелъ унтаби лъугьине тунгутІизе кумек гьабула, бидурихьал дандекъазе толаро. РекІел унтаби рукІун дарманал хІалтІизарулел яги би лъама гьабизе гьел хІалтІизарулезе бецулеб гьечІо цІибил гІемер кваназе. Почкабазул къагІида гьечІезги дагьаб къадаралда кванан тезе кколеб буго.

ГІадалнахул хІал лъикІ гьабулин, санаде рахун ракІалда жо чІунгутІи яги память бачІун-тІагІун букІунеб хІал тунгутІиялъеги кумек гьабулин чІезабун буго гІелмиял хІалтІабазда. Холестериналъул къадарги гІодобе ккезабулеб буго.

**Ежевика**

Ежевика бечедаб буго батІи-батІиял витаминазгун калий, натрий, магний, кальций, железо, фосфор, никель, медь гІадал минералиял веществабаздалъун.

Щула гьабулеб буго иммунитет. Температура бахиндал гьеб гІодобккезабизе бецулеб буго ежевикадул чай. Чакрил диабет, щукІдулгун рищалаби унтаразе лъикІаб буго хІалтІизабизе. ЛъикІаб асар кьолеб буго гІадал нахуе, нервабазул гІуцІиялъе, бидурихьал рукІалида чІезариялъе, диабет лъугьиналде данде къеркьезе.

Тохтурзабаз абула гьелъул тІанхазулгун кьибилалъулги дару гьабизе бегьулин. ТІанхаз кумек гьабула ругъун сах гьабизе ва хъверд рекІинчІого букІине. Кьибил рикІунеб буго бактериязда данде къеркьолеб ва кІващ хъамулеб свойстволъун, кумек гьабулеб буго чехь гьоройдал ва хъегІел щведал.

Ракьа къвакІизабулеблъун букІиналъ кутакалда бецулеб буго лъималазеги.

**ММА**

# ГІусман НурмухIамадовас кIиабизеги цIунана чемпионасул рачел

8 сентябралда Калифорниялъул Сан-Диего




(США) шагьаралда нилъер ракьцояв Силдиса ГІусман НурмухIамадовас кIиабилеб нухалъги цIунана тIадагъаб цIайиялда ММАялъул BeIIator гIуцIиялъул чемпионасул рачел.

Жеги лъидасаниги къечIев ГІусман гьенив дандчIвана жиндирго ватIанцояв Александр Шаблийгун. Киналго судиязбазул разилъиялдалъун дандчIвай лъугIана ГІусманил бергьенлъиялдалъун.

Профессионал хIисабалда ГІусманица вагъизе байбихьана 2017 соналъ.

2021 соналдаса нахъе BeIIatoralda ГІусман цеве вахъана къей гьечIого 18 нухалъ.

2022 соналъул ноябралда ГІусман НурмухIамадовас, бразилияв Патрики Фрейреги къезавун, тIадагъаб цIайиялда (70 кг.) босана чемпионасул рачел.

* * *

10 сентябралда радал МахIачхъалаялъул аэропорталда рохалилаб ахIвал-хIалалда спорт бокьулел, гьудул - гьалмагъзаби, росуцоял ва гIагарлъи дандчIвана ГІусман НурмухIамадовгун.

ДандчIваялъулъ районалъул бетIер Шамил ГIумаровасул цIаралдаса ГІусманида бергьенлъи баркун кIалъазе вахьана рай-администрациялъул спорталъулгун гIолилазул ишазул отделалъул нухмалъулев ТIалхIат ГIабдулбасиров.

Гьединго ГІусманида бергьенлъи баркун ва дандчIвазе рачIаразе баркала кьун кIалъай гьабуна Силди росдал администрациялъул бетIер МухIамад НурмухIамадовас.

**Шамил Бадрудинов**

# Гьавураб къо баркана

5 сентябралда райбольницаялъул хIалтIухъабаз рохалилаб



ахIвал-хIалалда кIодо гьабуна бетIерав врач Хейрул-Анам Дибирасулаевасул гьавураб къо.

ХIалтIухъабаз радалго больницаялъул азбаралъуб беседкаялда гIуцIун букIана чай гьекъеялъе стол.

Рохел-аваданлъиялъул гIайибияв хIалтIуде щолелъул, кодоб торгтун гьесде данде рахьана хIалт1ухъаби.

Чай гьекъеялъул столалда нахъа Анамида киназго баркана гьавураб къо, гьарана гьесие сахлъи, рохел, коллективалъе гьунки ва хIалтIулъ лъикIал хIасилал.

Жиндир гьабураб кьиматалъухъ бетIерав врачас кIудияб баркала загьир гьабуна хIалтIухъабазе.

Рохалилаб дандельиялдаса хадуб лъикIаб рекIел хIалгун байбихьана больницаялда хIалтIул къоги.

**Нурбика Гьаирбекова**

**Эркенаб гугари**

# Дунялалъул къецазда «месед» босарав

Гьал къоязда Испаниялда тIобитIараб эркенаб гугариялъул рахъалъ гIолилазда гьоркьоб (U-21) дунялалъул первенствоялда нилъер ракьцояв Гьигьалъа МустафахIажи Малачдибиров вахъана меседил медалалъул бетIергьанлъун.




Гьенив 92 кг. цIайиялда МустафахIажиде вахунев гугарухъан вукIинчIо.

Иргадал дандиялги къезарун, МустафахIажи щуго нухалъ вахъана ковералде. ЩуябгоданддчIваялда дандиясе лъабго бал гурони кьечIого, гьес бахъана 49 бал: венгриялъулав къезавуна 10:0, монголав -10:0, иранав - 13:3, казахазулав - 5:0 хIисабгун.

Финалияб дандчIваялда гьес заман щвелалдего 11:0 хIисабгун бергьенлъи босана болгарасда тIад.

Кизляралда С. МуртазагIалиевасул цIаралда бугеб спортивияб школалда МухIамадрасул ГIабдуллаевас куцалев МустафахIажи исана кIицIул бергьана Россиялъул первенствоялда (U-20) Грозниялда ва (U-24) Карачаево Черкессиялда.

Исана июлалда Сербиялда тIобитIараб (U-20) Европаялъул первенствоялдаги МустафахIажица ккуна тIоцебесеб бакI.

* * *

10 сентябралда къаси кватIараб гIужалъ МахIачхъалаялъул аэропорталда нилъер ва Гьизляр районазул спорт бокьулел, гьудул-гьалмагъзаби, росуцоял ва гIага-божарал рохалида дандчIвана Испаниялда эркенаб гугариялъул рахъалъ дунялалъул первенствоялда бергьенлъи босарав МустафахIажи Малачдибировгун.

МустафахIажида ва гьевгун цадахъ щварав Ибрагьим Къадиевасда, первенствоялъул призераллъун рахьарал Дагъистаналъул ва Чачаназул гугарухъабазда бергьенлъи баркун дандчIвай рагьана райадминистрациялъул спорталъулгун гIолилазул ишазул отделалъул нухмалъулев ТIалхIат ГIабдулбасировас.

Чемпионазда ва призеразда бергьенлъаби баркун кIалъана Дагъистаналъул гугарухъабазул командаялъул тренер Шамил КIудиявмухIамадов ва нилъер районалъул депутатазул Собраниялъул председатель МухIамад НурмухIамадов.

КIалъазе рахъараз ва цогидазги гугарухъабазе гьарана щулияб сахлъи, къуват, икьбал, рекIел мурадал тIурай ва хадубккунги бергьенлъаби.

**ТIалхIат ГIабдулбасиров**

## Авар кицаби ва абиял

Къуватасул сабру букIуна, сабруялъул кIодолъи букIуна.

* * *

Къуватасдаса гIакълу бергьунеб.

* * *

Къуват бугелъуб сабру цIикIкIараб,сабру цIикIкIарасул гIумру халатаб.

* * *

Къуватав цоясдаса бергьунев, цIодорав анцIгоясдаса бергьунев.

БетIерав редактор
Малачдибиров
ГIубайдула СагIадулаевич
2-52-44

Редакциялъул
(издателасул) адрес: 368900
Дагъистан Республика,
Щумада район, Кьенгьара росу,
Заводалъул кватI, 4

«ЩIумадисезул гьаракь»
газета гIуцIарал:
Дагъистан Республикаялъул
«Щумада район» муниципалияб
районалъул администрация
(ОГРН 1020500562697)

Газета кьватIибе биччана
«Издательский дом «Дагестан»
ГАУялъул типографиялда.

Адрес: 367018,
МахIачхъала шагьар,
Насрудиновасул проспект, 1 «А»
Тираж - 1274
Газеталъул индекс:
51377 (бащдаб лъагIалие)
63302 (лъагIалие)

Макъалабазда рехсарал
хIужабазул, тарихазул бальголъи
гьорлъ бугел ва цогидалги
баяназул жаваб авторас кьола.

Газета зарегистрирована
Управлением Роскомнадзора
по Республике Дагестан.
ПИ №ТУ05-00434
от 15 июля 2019 г.

Адрес электронной почты
GoIostsumady@maII.ru